



ODISYON PIBLIK VITYÈL SOU PLANNIFIKASYON

28 JIYÈ 2026

POU PWOPOZISYON sou

**Brockton-Abington – Amelyorasyon pou Pyeton ak Bisiklèt sou Wout 123
Nimewo Pwojè a : 609520
Administrasyon Pwojè**

NAN VIL BROCKTON AK VILAJ ABINGTON, MASSACHUSETTS

**KOMONNWEÛT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS
HIGHWAY DIVISION**

**JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ GRANWOUT**

**CARRIE E. LAVALLEE, P.E.
ENJENNYÈ AN CHÈF**

KOMONNWEÛT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)
ANONS ODISYON PIBLIK VITYÈL POU CHWAZI MODÈL

Deskripsyon Pwojè: Brockton-Abington – Amelyorasyon pou Pyeton ak Bisiklèt sou Wout 123
Nimewo Dosye Pwojè 609520

Yo pral ògànize yon Odisyon Piblik Vityèl sou sit entènèt MassDOT ki nonmen pi ba la a, pou prezante modèl pou pwojè nan Brockton, MA ak Abington MA.

KILÈ: 6:00pm, madi 28 jiyè 2026

OBJEKTIF: Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann pwojè yo pwpoze a. Tout kòmantè ak opinyon moun bay an rapò avèk odisyon sa a pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

PWOPOZISYON: Pwojè yo pwpoze a, se amelyorasyon sekirite sou Centre Street ak Brockton Avenue (Wout 123) depi yon pwen ki anviwon 350 pye distans, sou bò lès entèseksyon Wout 123 nan Lyman ak Cary Street, pou rive sou bò lès Abington, epi fini nan Ashland Street, sou yon longè anviwon 2.3 mil. Sa ki nan pwojè a, se sekirite koridò ak amelyorasyon operasyonèl pou tout mòd deplasman; li pral genyen ladan twotwa lajè 5 pye ki konfòm avèk ADA, pasaj bisiklèt ankadre, rebati wout ki pave, amelyorasyon rigòl, amelyorasyon operasyon ak sekirite trafik, nouvo siyalizasyon, ak enstriksyon ekri atè.

Yon dwa pasaj sekirize nesèsè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmanan oubyen tanporè. Komonnwèl Massachusetts gen responsablite pou li pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik. Yo pral pale sou règleman MassDOT sou jwenn dwa pou achte teren, pandan reyinyon sa a.

Si yon moun vle voye kesyon sou pwojè a, oswa deklarasyon ekri ak lòt pyès jistifikatif ki anrapò avèk aktivite pwojè a, li mèt voye yo bay Carrie E. Lavalley, P.E., Enjenyè an Chèf nan adrès elekwonnik MassDOTProjectManagement@dot.state.ma.us oswa nan adrès postal Suite 7550, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention : Direksyon Pwojè, Nimewo Dosye Pwojè **609520**. Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrap (14 jou fran) apre odisyon an.

Pou odisyon sa a, ap gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe. MassDOT kapab fè aranjman rezonab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, videyo, aparèy pou moun ki pa tandè byen, oswa dokiman nan fòm altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan TTD/TTY (pou moun ki pa tandè byen) nan nimewo (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elekwonnik (MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou odisyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis jou ouvrap davans, anvan jou odisyon an.

Odisyon sa a pral ògànize, oubyen ànons ànilasyon li pral afiche sou entènèt nan adrès <https://www.mass.gov/orgs/highway-division/events>.

JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEY, P.E.
ENJENNYÈ AN CHÈF



Chè Sitwayen Enkye:

Lamès nan Chusetts Depatman Depatman Transpò (MassDOT) angaje nan bati epi kenbe yon enfrastrikti transpò ki tou de an sekirite epi efikas pou tout moun ki itilize nou an wout, pon, enstalasyon bisiklèt ak chemen pyeton, tout pandan y ap kenbe entegrite a anviwònman.

Kòm pati Nan pwosesis konsepsyon pou pwojè sa a , n ap fè odyans piblik sa a pou eksplike pwopoze amelyorasyon , koute kòmantè ou yo epi reponn nenpòt kesyon ou kapab gen yon ve. Nan la konklizyon an tandè, MassDOT pral revize tout kòmantè ou yo epi, kote sa posib , enkòpore m nan nan la des i gn nan pwojè a.

Nou rekonèt ke wout la ak Konstriksyon pon ka kreye konvenyans pou piblik la. MassDOT mete anpil bagay sou kote. nan faz em sou minimize efè deranjman tanporè konstriksyon an.

MassDOT ankouraje opinyon kominote lokal yo ak valè yo ou opinyon. Tanpri asire w ke nou pral konprann yon bagay non pwojè san adrese enkyetid yo nan kominote a.

Piske nou konte,

Carrie E. Lavallee, P.E.

ENJENYÈ AN CHÈF

KISA YON ODISYON PIBLIK YE ?

POU KISA N AP FÈ YON ODISYON PIBLIK ?

Pou sèvi ak yon metòd garanti k ap pèmèt Komonnwèlt Massachusetts la bay piblik la enfòmasyon sou pwopozisyon pou konstriksyon granwout nan Eta a, ak pou bay chak rezidan nan zòn lan yon chans pou di sa li vle sou nenpòt pwojè yo pwopoze. An menm tan, odisyon an ap bay Komonnwèlt la yon chans an plis pou resevwa enfòmasyon nan men sous lokal yo, ki pral enpòtan pou Eta a nan desizyon final l ap pran sou modèl li dwe chwazi pou travay la.

POU KISA YO PA VOTE SOU PLAN POU GRANWOUT YO ?

Objektif odisyon an se pa pou fè yon referandòm pou chwazi yon amelyorasyon majorite moun k ap patisipe yo pwopoze. Li pa retire responsablite ofisyèl nan depatman granwout Eta a, pou yo pran desizyon sou kesyon granwout, ki se travay yo.

NAN KISA YON ODISYON PIBLIK AP SÈVI ?

Li fèt pou garanti opòtinite, oswa prezans moun, nan yon fowòm pou pran enfòmasyon konkrè ki an rapò avèk desizyon pou chwazi dènye altènativ Eta a nan enterè piblik la, ak pou chwazi pwojè amelyorasyon yo pral adopte nan pami sa ki pwopoze yo.

Li enpòtan pou moun ki nan zòn lan fè konnen kisa yo wè nan pwopozisyon ki prezante a, pou opinyon yo kapab anrejistre kòm sa dwa nan minit reyinyon an. Minit sa yo pral etidye an detay, epi y ap pran yo an konsiderasyon nan chwa modèl final la.

KESYON DWA PASAJ

Eta a responsab pou garanti Dwa Pasaj nan pwojè sa a. Si pwopriyete ou, oswa yon moso ladan li, ap vann bay Eta a pou bati granwout nan enterè tout moun nan Komonwèl la, dwa ou yo gen pwoteksyon total dapre lalwa. An rezime, men kèk repons pou kesyon ou ka mande yo.

1. KI MOUN K AP KONTAKTE MWEN ?

Reprezantan Biwo Dwa Pasaj nan Divizyon Granwout Depatman Transpò Massachusetts la. Yo pral esplike w konsekans yo, ak dwa ou genyen dapre Chapit 79 nan Lwa Jenneral Massachusetts yo.

2. KISA KI YON PRI REZONNAB POU PWOPRIYETE MWEN AN ?

Chak pri yo ofri ap garanti yon valè ekitab pou pwopriyete ou, oswa pou evalye "domaj" tranzaksyon an ap lakòz pou pwopriyete a. Moun k ap kontribye nan kalkil reparasyon pou domaj yo, se estimatè MassDOT, ak estimatè endepandan, ak "Estimatè Revizyon" MassDOT, ak yon Konsèy Revizyon Evalyasyon Pwopriyete Imobilye. Eta a ap peye tou yon pòsyon pwopòsyonnèl nan taks imobilye pou tarif menm ane a, ansanm ak enterè depi dat pwopriyete a vann lan jiska dat peman an, pou tout enpak yo.

3. ÈSKE MWEN OBLIJE AKSEPTÉ PRI DEPATMAN AN OFRI A ?


Non. Si, apre yo ofri pwopriyete a menm pri ki sou mache a, li kwè toujou yo pa ofri li yon pri rezonnab, pwopriyete a gen dwa fè apèl devan tribinal anvan twazan pase. Annatandan desizyon tribinal la, yo ka peye pwopriyete a yon valè "pro-tanto" (ki vle di "pou kounye a") ki pa pral kontrarye desizyon tribinal la nan okenn jan.

4. KISA KI PRAL RIVE KAY MWEN AN ?

Pwopriyete a pral gen yon chans pou achte kay li a ankò, depi li gen yon kote yo kapab mete li, epi li gen pèmi ki nesèsè pou deplase kay la. Si pwopriyete a pa enterese achte kay li a ankò, yo pral vann li alakriye piblik. Moun ki ofri plis lajan an pral kapab achte kay la, depi li genyen tou yon kote pou mete li ak pèmi ki nesèsè yo. Osinon, yo pral pran dispozisyon pou demoli kay la.

5. KISA K AP RIVE SI MWEN OBLIJE ALE RETE YON LÒT KOTE ?

Anplis valè pwopriyete a sou mache a, Depatman an ap peye kèk nan depans depasman yo ni pou pwopriyete ni pou lokatè rezidans ak biznis leta achte yo, si yo satisfè kondisyon pou kalifikasyon yo. Y ap bay asistans pou demennajman. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou avantaj sa yo nan liv Depatman an pibliye.



LOCUS MAP

**BROCKTON-ABINGTON - PEDESTRIAN AND BICYCLE IMPROVEMENTS ON
CENTRE STREET AND BROCKTON AVENUE (ROUTE 123)
BROCKTON-ABINGTON, MA**

0 750 1500 3000
SCALE: 1" = 1500'

AMELYORASYON POU PYETON AK BISIKLÈT SOU WOUT 123 NIMEWO PWOJÈ A 609520

KOTE PWOJÈ A AP FÈT

Pwojè a ap fèt sou Wout 123, sou bò lès Brockton Centre. Fwontyè pwojè a ap kòmanse anviwon 250 pye sou bò wès Kingman Street, epi pwojè a ap kontinye sou anviwon 12,350 pye nan direksyon lès pou fini anviwon 200 pye sou bò lès Ashlan Street, nan Vilaj Abington. Nan entèseksyon Quincy Street ak Centre Street (Wout 123) nan Vil Brockton, limit pwojè a pwolonje sou anviwon 350 pye nan direksyon nò, ak 250 pye nan sid entèseksyon ki pase Quincy Street la. Pwojè a genyen ladan tou anviwon 200 pye amelyorasyon sou Ashland Street, nan limit lès pwojè a.

OBJEKTIF

Objektif pwojè sa a, se pou amelyore sekirite ak operasyon nan tout mòd depasman nan koridò Wout 123, ant Brockton ak Abington. Pwojè a genyen ladan nouvo twotwa ak ranp pou pyeton ki konfòm avèk Americans with Disabilities Act (ADA), ak pasaj bisiklèt ankadre, rebati wout ki pave, trase direktiv atè, amelyorasyon rigòl, amelyorasyon operasyon ak sekirite nan trafik, ak nouvo siyalizasyon. Tout travay yo pral fèt an konfòmite avèk estanda, règleman, ak pwosedi Massachusetts Department of Transportation (MassDOT).

KONDISYON KI LA KOUNYE A

Wout 123 klase tankou yon Atè Iben Prensipal (Urban Principal Arterial) ki konnekte Vil Brockton avèk Vilaj Abington. Koridò a sèvi prinsipalman zòn komèsyal ak rezidansyèl, epi li anba jiridiksyon MassDOT anndan limit pwojè a. Zòn ki alantou li yo genyen plizyè lekòl, enstitisyon, ak sèvis, tankou East Middle School, Baker School, Cardinal Spellman High School, Massasoit Community College, ak Brockton Hospital. Koridò a resevwa tou sèvis Brockton Area Transit (BAT), ki genyen otobis wout fiks ki pase sou Wout 123.

Kondisyon ki la kounye a sou Wout 123 prezante plizyè difikilte pou depasman. Plizyè ri lateral ki kwaze koridò a manke bon jan siyal kontwòl, tankou siyal Stop. Gen plizyè kote nan koridò a ki te gen anpil aksidan ki rive, tankou entèseksyon nan Sheridan Street / Gladstone Street, Adams Street, Sterling Road, Quincy Street, Mill Street / Green Street, ak wout antre Walmart la. Entèseksyon Quincy Street la pami 200 kote ki gen plis aksidan ki rive nan Eta Massachusetts.

Aranjman pou pyeton ak bisiklèt yo limite nan tout koridò a. Twotwa ak kwazman pou pyeton ki la kounye a pa satisfè estanda aksesiblite ADA nan plizyè kote, epi aranjman pou bisiklèt yo limite poutèt twotwa etwat yo, epi paske pa gen dispozisyon espesyal pou bisiklèt.

KONDISYON YO PWOPOZE

Pwojè a genyen ladan reparasyon ak amelyorasyon wout, ki gen ladan yo bann sikilasyon 11 pye, ak twotwa elaji pou resevwa pasaj bisiklèt 5 pye nan tout longè koridò a. Yo pral bati nouvo twotwa 5.5 pye sou toude bò Wout 123 sou tout longè pwojè a, avèk yon nouvo twotwa sou bò nò Wout 123 nan Abington, kote ki pa genyen sa kounye a. Pwojè a pral genyen ladan nouvo

ranp pou pyeton ki konfòm avèk ADA, pankat avètisman ki detektab, amelyorasyon rigòl, siyalizasyon modènize, ak direktiv ki trase atè.

Amelyorasyon jeometrik pral fèt nan entèseksyon nan tout longè koridò a, pou amelyorasyon sekirite ak operasyon trafik. Nan pami amelyorasyon yo, pral genyen kwazman pou pyeton ak bisiklèt nan entèseksyon, siyal modènize pou kontwòl trafik, ak modènizasyon direktiv ki trase atè. Nan nivo Quincy Street nan Brockton ak wout antre Walmart nan Abington lan, entèseksyon yo pral rekonfigire pou mete bann rezève pou vire agòch, kote ki pa genyen kounye a.

Plizyè entèseksyon nan koridò a ki gen pwoblèm paske entèseksyon yo mal fèt pral modifiye, pou amelyore sekirite ak senplifye mouvman veyikil yo. Short Street, Martin Street / Green Street / Mill Street, ak Ashland Street pral realiyen pou fè entèseksyon an T yo pi konvansyonnel, ak amelyore distans vizyèl, redwi konfizyon chofè, ak redwi konfli potansyèl. Martin Street pral tounen yon enpas, men yo pral enstale yon baryè pou aksè ijans pou pèmèt veyikil ijans yo antre.

ANTRETYEN TRAFIK PANDAN TRAVAY KONSTRIKSYON AN

Wout la sanse rete ouvri, avèk 2 bann sikilasyon ki disponnib pandan y ap laji lari a ak bati twotwa. Wout la ka redwi pou li vin gen yon sèl bann sikilasyon, pandan y ap repare sifas la, pou peryòd kout k ap dire ant 4 ak 6 èdtan. Yo ka sèvi avèk detou pou yon tan ki kout, sa ki vle di ant 6 ak 8 èdtan.

Nan pami dispozisyon yo pwopoze pou limite konsekans travay la sou sikilasyon, genyen limite travay la pandan lè pwent yo, limite zòn travay la / kidonk longè a pandan jou travay nòmal yo, pou Kontraktè a kapab kòmanse ak fini yon segman sou wout la, yon jan pou trafik nòmal kapab retabli nan fen jounen an, epi sèvi avèk kontwòl lapolis pandan travay konstriksyon an. Pandan travay konstriksyon an, yo pral eseye kenbe aksè pou tout rezidans ak tout wout pyeton yo, toutotan sa posib. Moun nan zòn lan pral resevwa notifikasyon davans, si pwopriyete yo pral izole tanporèman.

DWA PASAJ

Se responsablite Vil Brockton, Vilaj Abington, ak MassDOT pou yo chak mande Dwa Pasaj (Right-of-Way, oswa ROW) pou pati nan pwojè a ki nan jiridiksyon respektif yo. Amelyorasyon yo pwopoze yo pral mande ROW sou fòm dwa pasaj tanporè, dwa pasaj pèmànàn, ak apwopriyasyon pou ni Vil Boston an, ni Vilaj Brockton, ni MassDOT.

KONBYEN PWOJÈ A PRAL KOUTE

Estimasyon preliminè sou depans total pou pwojè a, se anviwon \$30 milyon.

NAN KI PWEN PWOJÈ A RIVE

Plan ki prezante isit la reprezante anviwon 25% travay yo prevwa yo. Kòmantè ki fèt nan odisyon sa a pral entegre nan pi gwo pousantaj ki posib, nan dokiman plan final la. Yo sanse

ànonse kòmansman pwojè a nan sezon ivè 2029 la, epi travay konstriksyon yo sanse fini nan sezon ete 2032.

KESYON AK REPONS SOU PWOJÈ A

Rezon pou kesyon ak repons pi ba la yo, se kòmanse yon konvèsasyon ak yon deba ant moun k ap fè pwopozisyon yo, ak moun k ap fè plan an, ak piblik ki reyini isit la. N ap byen kontan resevwa kesyon ak kòmantè siplemantè pandan odisyon an, oubyen yo mèt voye yo bay MassDOT nan fòmilè kòmantè a.

1. ÈSKE LI PRAL FÈ BWI ? MWEN TRAVAY NAN EKIP ASWÈ A.

Pifò nan aktivite konstriksyon yo ta dwe fèt pandan lajounen. Kapab gen travay nan nwit ki bezwen fèt pou kèk operasyon, pou limite konsekans yo sou trafik.

2. E PYEBWA YO ?

Yo fè tout efò ki posib pou prezève pyebwa ki la yo, kote yo kapab. Pyebwa yo pa kapab kite poutèt travay sou wout, sou twotwa, ak amelyorasyon ADA yo ka bezwen retire.

3. MWEN GENYEN POU MWEN PRAN OTOBIS. KI KONSEKANS SA PRAL GEN POU MWEN ?

MassDOT pral fè kowòdinasyon avèk Brockton Area Transit (BAT) pou kenbe sèvis tranzit la pandan travay konstriksyon yo. Gen estasyon otobis yo ka gen pou yo deplase tanporèman, epi orè yo kapab chanje. Wout aksè ki pèmèt rive nan estasyon otobis yo pral prezève, lè sa posib. Tout wout tanporè pou pyeton yo pral satisfè tout kondisyon ADA yo.

4. PITIT MWEN YO ALE LEKÒL APYE / SOU BISIKLÈT. KISA NOU KA DI SOU SEKIRITE YO ?

Sekirite pou pyeton ak pou bisiklèt pral prezève tout kote sa posib, pandan travay konstriksyon yo. Gen wout ak kwazman pou pyeton ki pral la, kote yo bezwen yo pou ale nan lekòl ak lòt destinasyon nan kominote yo.

5. KISA NOU KA DI SOU POSIBLITE POU RIVE NAN LOPITAL LA ?

Wout pou veyikil ijans yo pral rete ouvri pandan tout travay konstriksyon yo. Nou prevwa asistans lapolis nan kote a, pou ede avèk trafik veyikil ijans.

6. KISA NOU KA DI SOU ESTASYONNMAN OTO ?

Pa pral genyen posiblite estasyonnman nan kote y ap travay la tanporèman, jouktan travay la ale nan yon lòt zòn.

7. MWEN GENYEN POU ANTRE AK SOTI NAN PLAS POU OTO DEVAN LAKAY MWEN AN !

Kontraktè a gen obligasyon pou antann li ak moun ki rete nan zòn lan. Epitou, nou prevwa asistans lapolis nan kote a, pou ede avèk mouvman sikilasyon.

8. KISA KI PRAL RIVE KLOTI / LANTOURAJ / GAZON MWEN ?

Si yon travay ap gen konsekans pou yon pwopriyete prive, pwopriyete a pral kontakte nan pwosesis pou Dwa Pasaj la. Si yon pwopriyete gen kesyon patikilye, li mèt kontakte MassDOT oubyen minisipalite li.

KOMONNWEÛLT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ NAN MASSACHUSETTS
HIGHWAY DIVISION

PWOJÈ ASISTANS FEDERAL

Brockton ak Abington, MA
Brockton-Abington – Amelyorasyon pou Pyeton ak Bisiklèt sou Wout 123
Nimewo Dosye Pwojè 609520

Ou mèt ekri kòmantè ou genyen sou paj sa a. Nou mande epi nou apresye sa ou gen pou di. Ou mèt voye kòmantè ou dirèk nan adrès elekwonnik dot.feedback.highway@state.ma.us oubyen voye paj sa a avèk nenpòt kòmantè ou genyen ankò bay :

Carrie E. Lavallee, P.E.
MassDOT – Highway Division
10 Park Plaza, Boston, MA 02116-3973
Attn : Project Management

Dokiman ak pyès jistifikatif moun vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la dwe gen dat ki montre yo poste omen dis (10) jou ouvrap apre odisyon an.

TANPRI TAPE OSWA EKRI AN KARAKTÈ LIZIB.

Non an: _____ Tit : _____

Ògànizasyon : _____

Adrès :

Tanpri Pliye epi Kole



Tanpri Mete
Valè Tenm
Kòrèk la Isit la

Carrie E. Lavallee, P.E.
Enjennyè an Chèf
MassDOT – Highway Division
10 Park Plaza
Boston, MA 02116-3973

REF: Odision Piblik sou Plannifikasyon
AMELYORASYON POU PYETON AK BISIKLÈT SOU WOUT 123
BROCKTON, ABINGTON
Project File No. 609520
Attn: Project Management

